digal nañu ma ma xeex ak nit ñi ba baa ñuy seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ku dul Yàlla ak ne Muhammat ndawul Yàlla la, ak taxawal julli, ak joxe asaka

Jële na ñu ci Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-mu wax ne: «digal nañu ma ma xeex ak nit ñi ba baa ñuy seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ku dul Yàlla ak ne Muhammat ndawul Yàlla la, ak taxawal julli, ak joxe asaka, bu ñu defee loolu ñoŋal nañu ci ma seen dereet ak seen alal lu dul ci àqi Lislaam, seenub regle nag ci Yàlla la aju».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne Yàlla digal na ko mu xeex ak bokkaalekat yi ba keroog ñuy seede ne amul kenn ku ñu jaamu ci dëgg ku dul Yàlla moom dong amul bokkaale, ak ñu seedeel Muhammat -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ag yónnenteem, te jëfe li seede si laaj ci sàmmonte ak julliy juróom ci bis bi ak ci guddi gi, ak joxe asaka ji ñu farataal ñeel ñi ko yeyoo. Bu ñu defee bir yii kon Lislaam dana ñoŋal seen dereet ak seen alal, du dagan ñu ray leen lu dul bu ñu defee ñaawteef walla tooñaange juy warala ñu yeyoo ray ci ni ko àttey Lislaam warale, topp bisu pénc ba Yàlla mooy méngoo seenug regle ndax moo xam seen yu nëbbu yi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4211